Казбек районалъул газета
# Чапар
Вестник
12+ № 49 (9959) 15 декабрь 2023 с. / Рузман 3 джумадул ахир 1445 с./ redakciya-chapar@mail.ru

# Поздравления




**День Конституции- один из значимых государственных праздников России, он отмечается в нашей стране ежегодно 12 декабря.**

**В этот день 1993 году, всенародным голосованием, в нашей стране была принята Конституция Российской Федерации. Полный текст Конституции был опубликован в «Российской газете» 25 декабря 1993 года.**

**С 1994 года, согласно указам президента России «О дне Конституции Российской Федерации» и «О нерабочем дне», день 12 декабря был объявлен государственным праздником.**

## *Уважаемые казбековцы!*

День Конституции Российской Федерации не просто официальный праздник, но и памятный день принятия документа, благодаря которому сегодня мы с гордостью называем себя россиянами, можем трудиться, мечтать, жить свободно и справедливо.

Поздравляем вас с Днём Конституции!

Желаем вам здоровья, счастья, мира и благополучия.

***Глава МР «Казбековский район» Г.Г. Мусаев***
***Председатель Собрания депутатов Г.М. Гирисханов***

*Конституция* – не просто закон, она определяет суть, основу нашей жизни во всем её многообразии, гарантируя нам то, что мы сегодня и завтра свободны! Это наш общий праздник.

Поздравляю Вас с Днём Конституции России, желаю вам здоровья, счастья и гордиться тем, что живёте в великой державе.

***Депутат Народного Собрания РД Мухтарпаша Умаханов***

# ХI.ХI.Мусаев ВДНХялда республикаялъул Къоялда гIахьаллъана

Гьале 2 моцIалъ тIолго улкаялъ Москваялда халкъияб магIишаталъул церетIеязул выставкаялда (ВДНХ) унеб «Россия» абураб ТIолгохалкъиялъулаб форумалда хадуб халккун буго. 7 декабралда гьениб ДагъистаналъулКъо лъазабун букIана. Гьеб къоялъ выставкаялда республикаялъул гIемеррахъазулаб культура бихьизабуна, туристазе гIуцIун ругел шартIазул бицана, батIи-батIиял проектазе къотIи-къаял гьаруна.




Республикаялъул вакилзабазул къокъагун нилъер районалъул бетIер ХIажимурад Мусаевасги гIахьаллъи гьабуна гьеб выставкаялда. Жиндирго «Телеграмм» каналалда гьелъул хIакъалъулъ ХI. Мусаевас гьадин хъвалеб буго:

*- ГIахьаллъаразеги гьалбазеги кIудияб, кIочонареб асар гьабулеб букIана нилъер республикаялъул экспозициялъул хIалтIуца. Балагьизе рачIаразе рес щвана нилъер гIагараб республикаялъул тарихгун ва культурагун гIамIидаб лъай-хъвай гьабизе, гьелъул тIабигIаталъул берцинлъи бихьизе, халкъалъ гьалбадерие гьабулеб къимат борцине. Гьеб кинабго гIадамазул гIумруялъулъ бихьизе гьира кколеб букIана гьалбазул, ва, рес букIин, гьез Дагъистаналде сапар бухьине бокьиги загьир гьабуна, - абун.*

***Динара Батиева***

# Комиссиялъул данделъиялда...

12 декабралда районалъул администрациялда тобитIана налогалгун гьел гурел хайирал бюджеталде рачIинариялъе гIуцIараб комиссиялъул данделъи.

Районалъул администрациялъул бетIерасул заместитель Зикрула Эмеевасул нухмалъиялда тIобитIараб гьеб тадбиралда гIахьаллъана росабазул бутIрулги гьезул бухгалтералгун специалисталги.



Гьениб бицен ккана районалъул аппаратальул, учреждениябазулгун организациябазул хIалтIухъабаз налогазулал налъаби рецIиялда, ракьул суалал рукIалиде рачиналда, формалиябльун гуреб хIалтIудалъун хьезариялда, коммерческиял объектал законалде данде ккелелльун гьариялда, гьенир инвентаризациял тIоритIиялда хурхарал суалал.

Данделъиги рагьун, З. Эмеевас абуна: *«Гьаб сон ахиралде щолеб буго, амма нилъеца хал гьабизе росарал суалал тIураялда сверухъ бугеб ахIвал-хIал лъикIаблъун гьечIо. ХIажат буго гьел тIуразариялда тIадхIалтIизе»,*-ян.

Налогал кьеялда, гьел рецIиялда тIад гьабулеб хIалтIул гьениб экономикаялъулгун социалияб рахъал церетIезариялъул отделалъул начальник Юсуп Агиевас бицана. Хал гьабиялде росарал цогидал суалазда тIасан кIалъаял гьенир гьаруна финансазул управлениялъул бетIерай специалист Эльвира Пумаровалъ ва муниципалияб буголъиялъулгун ракьулгунисел гьоркьорлъабазул отделалъул начальник Мансур Эмеевас.

Данделъи ахиралде щвана З. Эмеевас жавабиял хIалтIухъабазе тIадкъаял кьеялдалъун.

***«Салатиvия» сеталдаса босараб***

# «Гургинаб» стол тIобитIана

Дагьал церегIан къояз районалъул Централияб библиотекаялда тIобитIараб «Гургинаб» столалда гIахьаллъана МР «Казбек район» гIуцIиялъул администрациялъул бетIерасул заместитель Басир Нуцалов, ЖамгIияб палатаялъул председатель ХIажи Адимирзаев, Дилим росдал имам Шамиль Къурбанов, гIуцIабазул вакилзаби, жамгIиял хIаракатчагIи, цIалдохъаби ва цогидалги.



Тадбиралда бицен ккана гIадамазда гьоркьоб жамгIияталъе хасиятал ва лъикIал рахъал тIиритIизариялда, гьел цIуниялда, яхI-намусалъул нухазда хьвадиялда, миллиялгун диниял гьоркьорлъабалъ сабруялда рукIиналда хурхарал суалазда сверухъ.

Гьенир кIалъаял гьарурал ва тIадехун рехсарал гьалмагъзабаз тIадчIей гьабуна, Интернет гьоркьоббкун, гIолилал квешал рахъазде цIалел рукIиналъул, светскияб лъаялда цадахъ, щулияб динияб лъай боси лъикIаб букIиналъул, гьезулъ ричIчIунарел бакIал раккани, гьел специалистазде цIехезе ккеялъул суалазда.

Данделъиялда кIалъаразул пикрабалъ «багIараб» мухълъун рукIана гIолилалгун гьабулеб хIалтIи гучлъизабиялда, гьелгун тIоритIулел тадбиразул къадар цIикIкIинабизе ккеялда ва район тун къватIирехун ругел гIолохъабигун бухьенал щула гьариялда хурхарал пикраби.

*****

ТIадехун рехсараб тадбиралдаса хадуб, гьенибго, районалъул бетIерасул кумекчи ГIабдулмутIали ДжабрагIиловасул нухмалъиялда, тIобитIана ришватчилъиялде данде къеркьеялъе гIуцIараб комиссиялъул данделъи.

Гьенир гIахьаллъана тIадехун рехсарав Б. Нуцалов, районалъул прокуратуралъул, ОМВДялъул, Централияб больницаялъул, гIолилазул парламенталъул, жамгIиял гIуцIабазул вакилзаби ва цIалдохъаби.

*«Ришватчилъи нилъер гIумруялъулъ ва гьебгун кин къеркьелел»* абураб темаялда тIобитIараб гьеб тадбиралда бицен ккана *«ришватчилъи»* рагIул магIна рагьиялда, гьелда хурхарал мисалал рачиналда, гьебгун къеркьеялда ва гьелъул гIахьалчилъун ккунгутIиялъе гьаризесел ишазда сверухъ.

***МахIмуд ДавудхIажиев***

Гьаб номералда нужеца цIализе бегьула
гъум. 2 Нилъер районалъул бахIарзал
гъум. 3 СВОялъул гIахьалчагIигун дандчIвана
гъум. 4 Прокуратура информирует...

*12 декабрь-ВатIаналъул бахIарзазул Къо!*

# Нилъер районалъул бахIарзал

***БахIарзазул Къо кIодо гьаби цIияблъун кколаро. Гьеб кIодо гьабулеб букIана пачаясул заманалдаги. Гьенир кIодо гьарулаан Георгия-сулал хъанчал жидее щварал рагъухъаби. ЦIидасан бахIарзазул Къо кIодо гьабизе 2007 соналда байбихьана.***

***Рагъул тунка-хIунсиязда, мисалалъе КIудияб ВатIанияб рагъда, СВОялда, захIматалъулъ бахIарчилъи бихьизаби бичIчIинеги бегьу-ла, амма ракълилаб заманалда, бахIарчилъиги бихьизабун, гIумруялдаса ратIалъи бичIчIине захIмалъула. Гьединаллъун рукIана нилъер бахIарзал: Юрий Салимхановасул, Арзулум Ильясовасул ва МухIамад-Казим Гъайирхановасул къисматал.***



**Юрий Адилбегович Салимханов**

1996 соналъул августалда Грозныялда боевикалгун ккарал тунка-хIунсиязулъ Юрий Салимханов гIумруялдаса ватIалъана.

Гьениб бихьизабураб бахIарчилъиялъухъ Юрий кIодо гьавуна *«Россиялъул БахIарчи»* абураб цIаралдалъун.



**Арзулум Зиявдинович Ильясов**

2005 соналъул 13 январалда Каспийск шагьаралда террористалгун ккараб тунка-хIусиялда Арзулум Ильясов гIумруялдаса ватIалъана.

Гьениб бихьизабураб бахIарчилъиялъухъ гьев *«Россиялъул БахIарчи»* абураб цIаралдалъун кIодо гьавуна.



**МухIамад-Казим МухIамад-Камилович Гъайирханов**

2010 соналъул 12 сентябралда Комсомольское росулъ боевиказде данде тIобитIараб хасаб операциялда гьев гIумруялдаса ватIалъана.

Гьениб бихьизабураб тIокIлъиялъухъ МухIамад-Казим *«Россиялъул БахIарчи»* цIаралъе мустахIикълъана.



**МухIамад-Запир ИсмагIилович Гереев**

«ЧIикIаб ГЭС» баялъулъ рихьизарурал церетIеязухъ, 1975 соналъ гьесие *«Социалистическияб ЗахIматалъул БахIарчи»* абураб тIадегIанаб цIар кьуна.

Гьес яшав гьабун буго Дубки посёлокалда.

## ТIолазего гIаммаб байрамалда хурхарал тадбирал

ГIемер бицунебги хъвалебги букIуна нилъер Салатавиялъул тIабигIаталъул берцинлъиялъулги, гьелъул гIадамазул сахаватлъиялъулги, гьезул бахIарчилъиялъулги хIакъалъулъ. Гьединал биценал ккаралъур диде ракIалде щола Имам Шамил хъахIав пачагун, Гражданияб рагъда хъахIаб армиягун ва КIудияб ВатIанияб рагъда фащисталгун къеркьолаго, гIумруялдаса ратIалъарал, бахIарчилъи бихьизабуниги, жидер цIарал «рахчуда» хутIарал нилъер Салатавиялъул бахIарзал.

Чан бахIарчиясул цIар нилъеда лъалареб? КигIанаб къадар гьезул бахIарчиял ишазул тIатинчIого хутIичIеб? Гьелда тIад пикру гьабураб заманалда дир рекIелъе гъанцIи рештIуна.

ТIадехун рехсараб цIар гьаб макъалаялъе кьеялъе гIилла бичIчIунарел нилъеда гьоркьор ратилин ракIалде кколаро, щай абуни, нилъер тарихалъго гьеб киназего гIаммаблъун гьабун букIун.

КIудияб ВатIанияб рагъдаса байбихьун ва жакъа къоялде гIунтIун, нилъеда гьоркьоб цоники хъизан батизе гьечIо, батIи-батIияб заманалъул тушбабигун къеркьолаго, ками ккечIеб. ЦIалдолезда лъалеб батила, гьаб заманалда цо-цо гьаркьал рахъунел руго КIудияб ВатIанияб рагъ лъугIаралдаса 80 сонги гIолеб бугин, гьебги гьениб босараб КIудияб бергьенлъиги кIочон тезе заман щвечIищан.

Дида цогидазул пикру лъаларо, амма дица гьединал гIадамал цIубараб гIакълу бугеллъунги, ВатIан, гьелъул тарих бокьулеллъунги, букIиниселда тIад ургъулеллъунги рикIкIунаро. Унго-унгояб рокьи ВатIаналдеги гьелъул тарихалдеги бугезда тIадаб буго араб кIочене биччангутIизеги букIиниселда тIад ургъизеги.

Гьаб заманалда гьеб рахъалъ гIегIанаб хIалтIи гьабулеб буго нилъер улкаялдаги, республикаялдаги, узухъда, районалдаги. Гьедин бугеблъи бихьизабула, бахIарзазул къоялда хурхун, нилъер районалъул гIуцIабазда тIоритIарал тадбиразги. Гьел тIоритIиялъулъ хаслъи бихьизабуна районалъул лъайкьеялъул киналниги гIуцIабазгун культураялъул рукъзазул хIалтIухъабаз.











9 декабралда, гIатIидгьабун, бахIарзазул Къо кIодо гьабуна Ленинаулалъул, Калининаулалъул, Гуниялъул школазда. Гьелъие гIилла лъаларелги ратизе гьечIо. Гьел росабазул школазе кьун руго нилъер бахIарзал: Ханпаша Нурадиловасул, Юрий Салимхановасул, Арзулум Ильясовасул ва МухIамадказим Гъайирхановасул цIарал. Гьай-гьай, тIоритIана гьединал тадбирал цогидал школаздаги.

Гьел тадбиразда гIахьаллъана районалъул администрациялъул, депутатазул Собраниялъул вакилзаби, гьабсагIаталда хIухьбахъиялда ругел СВОялъул рагъухъаби, гьенир гIумруялдаса ратIалъаразул гIага-гIунтIарал, жамагIатчагIи, мугIалимзаби, цIалдохъаби ва цогидалги.

Гьел тадбирazда кIалъазе рахъарал районалъул администрациялъул бетIерасул тIоцевесев заместитель Ильяс Шабазовас, депутатазул Собраниялъул председатель Гъирисхан Гъирисхановас, хIинкъигьечIолъи чIезабиялъул рахъалъ заместитель Басир Нуцаловас, Пачалихъияб Думаялъул депутатал: Ризван Къурбановасул ва Султан ХIамзаевасул кумекчагIи: Рауп Ахкубековас ва Камал ГIабдулаевас, СВОялъул гIахьалчагIаз ва цогидазги, данделъаразда байрамги баркун, гьениб бицана нилъерго ВатIаналъул тарих кIочон тезе, гIолеб гIелалъул букIинисеб лъикIаб букIиналъе гIоло къеркьарал рекIелъа риччазе бегьулареблъиялъул ва гьедин букIиналда тIад гьарулел ишал кIвар цIикIкIараллъун рукIиналъул.

ГIолеб гIелалда бахIарзал кидаго цере рукIинелъунги ва гьел гьелда кIочонгутIизелъунги школазда рагьана ракIалдечIеялъул кабинетал, партаби ва букIонал.

Данделъабазул гIахьалчагIазул ракIазе кIудияб асар гьабураллъун рукIана СВОялъул гIахьалчагIаз гьарурал кIалъаялги гьез суалазе кьурал жавабалги.

Гьединго, гьенир тIоритIана концертазулал номерал, сихIкъотIиялъулал минутал ва бахIарзазул памятниказда цере тIугьдул лъеял.

***Гьумер хIадурана МухIамад-Шарип ГIабдулашимовас***

*Расул ХIамзатовасе-100 сон!*

# Тадбираздалъун бечедаб букIана

Гьедин абуни, дун мекъса ккеларей ятила. Гьелъие гIиллабазул цояблъун букIанин абизе бегьула гьаб сон нилъер халкъияв шагIир Расул ХIамзатовасул Сонлъун лъазабун букIинги.

Лъала, Расул гьавуралдаса 100 сон тIуаялда хурхун, тIолабго нилъер улкаялда гIемерал тадбирал тIоритIараллъи, узухъда, тIоритIана гьел республикаялдагун районалдаги.




Гьел тадбиразда нилъер культураялъул хIалтIухъабаз жигараб гIахьаллъи гьабиялъул хIакъалъулъ хъвана ва бицана республикаялъулгун районалъул массовияб информациялъул алатаздаги.

ТIадехун рехсарал тадбиразул цояблъун букIанин абизе бегьула 8 декабралда нижер Алмахъ росулъ, *«Дир тIолабго гIумру- дир кучIдузулъ»* цIаралда гъоркь ва Р. ХIамзатовасе 100 сон тIубаялда хурхун, тIобитIараб тадбирги.

Культураялъул хIалтIухъабазгун *«Нижер рукъ»* жамгIияб гIуцIиялъ тIобитIараб гьеб данделъиялда гIахьаллъана росдал гIуцIабазе нухмалъулел, жамагIаталъул вакилзаби, мугIалимзаби, цIалдохъаби ва цогидалги.

Тадбирги рагьун, *«Нижер рукъ»* ДРПООялъул председатель Аюб Нуцалхановас гьениб бицана миллат, гьелъул мацI, культура ва цогидал рахъал цIуниялъе гьединал тадбирал тIоритIиялъул бугеб кIвaралъул, гьедин букIиналъе культураялъул хIалтIухъабаз гьарулел ишазул.

Гьес абуна: *«Полеб гIелалъухъе нилъерго культура кьеfи, квешал пишабазде гьел риччангутIи ккола нилъеда тIадаб ишлъун. Гьеб киданиги кIочеңеги бегьуларо»*,-ян.

Гьай-гьай, гьениб бицана Р.ХIамзатовасул гIумрудулги гьесул творчествоялъулги.

Данделъаразул ракIазе кIудияб асар гьабураллъун гьенир руклIанин абизе бегьулеб батила шагIирасул кучIдул рикIкIин, гьел дицаги дир вас Русланицаги ахIи ва лъималазул ахалъул цІерерахъинал.

Данделъи ахиралде щвана *«Салатавия-Алмахъ»* журналалъул бетIерав редактор Динуч Динаевас культураялъул Рукъалъе миллияб формаялъул комплект кьеялдалъун.

# Баркалаялъе мустахIикъал ругони...

2023 сон Алмахъ росдал культураялъул Рукъалъул хIалтIухъабазе, тIоритIулел тадбиразул рахъалъ, цIакъ бечедаблъун букIана.

Нижер хIалтIухъабаз жигараб гIахьаллъи гьабуна районалъулгун республикаялъул даражабазда тIоритIарал батIи-батIиял тадбиразда. Гьел тадбиразул аслияллъун руклIанин абизе бегьула Расул ХIамзатовасе 100 сон тIубаялда, *«МагIарулал»* Халкъалдагьоркьосебгун регионаздагьоркьосеб *«ХъахIал къункъраби»* фестивалазда, Дагъистаналъул халкъ цолъиялъул байрамалда хурхун, тIобитIараб республикаялъул форумалда хурхарал тадбирал.

Гьединго, гIуцIараб планалда рекъон, байрамазда, юбилеязул къоязда хурхарал тадбирзда нижеца, хасго гIолеб гIелалъе, тIоритIана спектаклял, концертал ва цогидалги тадбирал. Гьел тадбиразда гIахьал гьарун рукIана жамагIатчагIи, диниял церехъаби, захIматалъул ветеранал ва цIалдохъаби.

Узухъда, гьел данделъабазда хасаб бакI ккол еллъун СВОялъул рагъухъаби рукIана. Гьай-гьай, рехсарал тадбирзда гIахьаллъизе, гьел тIоритIизе нижер рес рекъелароан районалъул администрациялъул, культураялъул отделалъул, *«Нижер рукъ»* ДРПООялъул, спонсоразул ва цогидазулги квербакъиял щвечIелани.

Районалъул СМИязда гIемер рукIуна гьелъул нухмалъиялъе, депутатазе, батIи-батIиял спонсоразегун мухъилал гIадамазе, баркала загьир гьабун, хъварал макъалаби.

Цо-цояз абула: *«Жидеда тIадал ишал тIуралел нухмалъулезеги, ресалдаги рукIун, кумек гьабулелщиназеги баркала щай кьезе ккоjеб»*,- ан. Гьаб квешлъи цIикIкIараб, цоцаздехунисеб бербалагьи чучIъараб заманалда лъикIлъи гьабулел рехсолел руго-ни, щиб лъалеб, цогидазги, гьездаса мисалги босун, лъикIлъаби гьаризе байбихьани.

Цоги, ишазул гIезегIанал рахъал руго, тIуразари тIадаллъун гьечIел, амма чорхол яхI-намусалда рекъон, нухмалъулезги цогидазги тIурален. Гьединазе баркала загьир гьаби, дир пикруялда, гIадаблъун букIине ккоаро.

Районцоязул лъида лъалареб районалъул бетIерлъун ХI. ХI. Мусаев тIамуралдаса районалда ккарал хиса- басиял? Гьезул бицине дун лъугьинаро, гьел киназдаго цере руго, амма культура цебетIезабиялъул рахъалъ гьес гьабураб рехсечIогоги чIезе кIолеб гьечIо.

Киназдаго лъала нилъер культураялъул рукъзал щиб даражаялде ккун рукIаралали. Гьел къачIаялде, гьениб хIажатаб къайи-цIа чIезабиялде ва цогидал рахъазде районалъул бетIерас кIвар кьечIебани, жакъаги гьел добго бакIалда рукIинаан.

Гьелъие цо мисал: Районалъул ЦТКНР цIи гьабиялда, гьениб хIажатаб къайи-цIа чIезабиялда тIад гьес гьабураб хIалтIи.

Дие бокьун буго ХIажимурадица, гьесул тIоцевесев заместителлъун кколев И. Шабазовас нижер Алмахъ росдал культураялъул Рукъалъе гьабураб кумекалъул дагьалъго бицине.

Кида кумек гьарун гьезухъе аниги, гьез нижее инкар гьабичIо. Гьезул кумекалдалъун, гьаб соналъ нижее щвана музыкалиял ва техническиял алатал.

Дица, ниж тIолазулго рахъалдасан, ХI. Мусаевасеги И. Шабазовасеги ракI-ракIалъулаб баркала загьир гьабулеб буго. Кьеги гьезие сахлъи, рохел, талихI ва гьарулел ишазулъ даимаб битIккей.

***Лайла Имамирзаева, Алмахъ росу***

# Бищун лъикIаблъун рикIкIана




Балъголъи гуро нилъер районалъул гIуцIабиги гьезул хIалтIухъабиги республикаялда ва гьеб тун къватIирехун тIоритIулел тадбирзда гIахьаллъулелги гьез гьенир лъикIал хIасилал рихьизарулелги рукIин.

Нижеца хIаракат бахъула гьезул хIакъикъат цIалдолезухъе щвезабизе.Дагьал церегIан къояз *«Дагъистан Республикаялъул бищун лъикIаб лъималазул ах-2023»* конкурсалъул *«ТIадеги лъималазе кьолеб бищун лъикIаб лъай»* номинациялда бергьенлъи босана Дилим росдал №1 *«Маргьа»* лъималазул ахалъул коллективалъ.

Ахалъе нухмалъулей Хадижат МухIамадовалда ва гьелъул коллективалда ракI-ракIалъ баркула щвараб бергьенлъи. Гьарула гьезие щулияб сахлъи рохел, талихI ва жеги тIадегIанал бергьенлъаби.

***«Салатавия» сеталдаса босараб***

# «Мурадазул ёлка» акция

Россиялда байбихьана гурхIел-рахIмуялъул *«Мурадазул ёлка»* анлъабилеб сезоналъул акция.

Гьаб соналъ гьеб, арал соназде данде ккун, дагьалъги гIатIидаблъун букIине буго. Гьедин букIиналъе гIиллалъун ккола Россиялде гьоркьоре Донецкалъулгун Луганскалъул халкъиял республикабиги Запорожьеялъулгун Херсоналъул областалги роси.

Гьеб ТIолгороссиялъулаблъун ккол еб акциялъулъ жигараб гIахьаллъи гьабулеб буго нилъер районалъул культураялъул гIуцIабазги. Гьез тIадехун рехсарал республикабазулгун областазул лъималазе ритIулел руго цIалулъ хIажатал алатал,




игрушкаби ва цогидалги сайгъатал.

Гьезде тIадеги, гьел сайгъатазулъ руго нилъер лъималаз хъварал кагътал ва рахъарал суратал. Гьедин гьабиялъ рес кьезе буго, нилъедаса дагьалъ рикIкIад ругониги, рехсарал бакIазул гIадамаздаги лъималаздаги жал рехонтун гьечIеблъи бихьизабизе ва бичIчIинабизе.

***Ажабика ГIабдулмуслимова, ЦРБялъул хIалтIухъан***

# СВОялъул гIахьалчагIигун дандчIвана

Дагьал церегIан къояз районалъул централияб библиотекаялда тIобитIана СВОялъул гIахьалчагIигун цIалдохъабазул дандчIвай.

Гьеб данделъи хурхинабун букIана ВатIаналъул бахIарзазул Къоялда.

Данделъиги рагьун, ЦРБялъул директорасул заместитель МухIамадхIабиб МухIамадхIабибовас абуна : *«ВатIаналъул бахIарзазул Къо ккола хасаб байрамлъун. Гьелъ нилъ киналго угрьизарула патриотизм абураб рагIул магIнаялда тIад. Нилъер районалдаса лъабго Россиялъул бахIарчи вахъана, ва гьезул бицунеб мехалда щивасда цебе чIола гьезул бахIарчилъи, къвакIи ва гьезие щун букIараб патриотикияб тарбия. Гьел жалго гIумруялдаса ратIалъаниги, гьезул цIарал ва гьунарал абадиялъ хутIила гIолеб гIелалъул ракIазулъ»*,-ан.

Гьеб данделъиялда СВОялъул гIахьалчагIи: Руслан ХIажиевас, Артур Бабатовас ва



Тимур Макаевас данделъаразе бицана жидерго рагъулал ишазул. Лъималаз гIемерал суалал кьолел рукIана гьалбазе. Гьезие кьурал жавабаздасан бичIчIулеб букIана гьез лъималазул ракIазе кIудияб асар гьабураблъи. ЦIалдохъабаз гьалбазе бицана нилъер районалъул бахIарзазул гIумрудул ва цIалана бахIарчилъиялде рахъарал кучIдул.

Данделъиялъул ахиралда кIалъазе яхъарай Мадина Магьдихановалъ тадбиралда гIахьаллъарал тIолазего ракI-ракIалъулаб баркала загьир гьабуна.

***Зульмира Адилмирзаева, ЦРБялъул директор***

# Положение

## о проведении конкурса на лучшую организацию подписной кампании районной газеты «Чапар» на 2024 год

**I. Цели и задачи конкурса**

1. Конкурс на лучшую организацию подписной кампании на районную газету *«Чапар»* (далее - Конкурс) проводится в целях популяризации районной газеты, реализации права граждан на получение информации, обеспечения доступности для населения периодической печати.

2. Задачами Конкурса являются совершенствование организации подписной кампании, увеличение тиража районной газеты *«Чапар»*.

**II. Условия и порядок проведения конкурса**

3. Конкурс проводится ежегодно.

4. Конкурс проводится в трех номинациях:

- *«Учреждения и организации»;*
- *« Отделения почтовой связи»;*
- *«Подпишись и выигрывай!».*

5. В Конкурсе принимают участие организации, учреждения и отделения почтовой связи, функционирующие на территории муниципального района и читатели газеты.

6. При проведении Конкурса учитывается уровень работы организаций, учреждений и отделений почтовой связи по увеличению подписного тиража газеты.

7. Победители номинаций будут определяться:

- между учреждениями и организациями, от соотношения числа подписавшихся к общему числу работников учреждений и организаций;
- между отделениями почтовой связи, от соотношения числа подписавшихся к общему числу жителей сельского поселения;
- по результатам жеребьёвки в номинации *«Подпишись и выигрывай!»*

8. Итоги Конкурса подводятся по результатам подписки на 2024 год, по состоянию на 25.06. 2024 года, т.е по результатам подписки на I и II полугодия 2024 года.

**III. Определение победителей конкурса**

8. Победители определяются комиссией по подведению итогов Конкурса.

9. Победителем конкурса признаются организации, учреждения, отделения почтовой связи , обеспечившие наивысший подписной тираж газеты, по муниципальному району.

10. Победители в Конкурсе, награждаются дипломами и ценными подарками от МБУ *«Редакция газеты Чапар»*.

11. Количество призовых мест определяется комиссией по подведению итогов Конкурса.

12. Решение комиссии по подведению итогов Конкурса оформляется протоколами.

13. Заседание комиссии считается правомочным при участии в нем не менее двух третей от общего числа членов конкурсной комиссии.

14. Решение принимается простым большинством голосов от числа участвующих в заседании членов конкурсной комиссии.

# Положение

## о проведении Конкурса в номинации "Подпишись и выиграй"

**1.Общие положения.**

Конкурс в номинации «Подпишись и выиграй» (далее-Конкурс) проводит МБУ *«Редакция газеты «Чапар»* среди подписчиков районной газеты *«Чапар»*.

Правила проведения Конкурса, в том числе условия участия, определения победителей, информация о призах и порядке их получения указаны в настоящем положении.

**2. Сроки.**

Конкурс проводится среди подписчиков газеты *«Чапар»*, оформивших подписку на 2024 год (подписка должна быть оформлена на год или же на 6 шесть месяцев с 1 января по 30 июня 2024 года и с 1 июля по 31 декабря 2024 года).

Подведение итогов Конкурса в июле 2024 года.

Фамилии и фотографии победителей по итогам Конкурса будут опуб- ликованы в газете *«Чапар»* в июле 2024 года.

**3.Участники конкурса.**

Участником Конкурса может стать каждый, кто оформит подписку на газету *«Чапар»* на год или же отдельно на полугодия 2024 года, вне зависимости от возраста.

**4.Правила участия в конкурсе.**

Участник Конкурса должен оформит подписку на газету *«Чапар»* на год или на полугодия 2024 года в любом отделении почты с доставкой на дом.

Участник Конкурса должен направить документы (квитанцию, чек) или их копии, подтверждающие подписку на *«Чапар»* » на год или же отдельно на полугодия 2024 года, любым удобным способом в редакцию газеты *«Чапар»* до 25 июня 2024 года. По мере поступления квитанций или чеков им будут присвоены номера, по которым в июле 2024 года будет проводится жребий.

**5. Определение победителей.**

5.1.В Конкурсе будут определены двадцать победителей.

5.2.Победители Конкурса определяются случайным образом (жребий) в присутствии общественных наблюдателей.

**6. Призы Конкурса**

6.1.Призами являются:

бытовая техника-10 шт.;

канцелярские товары-10шт.

**7. Порядок вручения призов.**

7.1.Участник Конкурса, обязан до 25 июня 2024 года представить документы (квитанцию или чек) на подписку газеты *«Чапар»* на год или же отдельно на полугодия 2024 года в МБУ Редакция газеты *«Чапар»* по адресу: с. Дылым ул.Саида-Афанди.

7.2.Выплата денежного эквивалента подарка не предусмотрена.

# Прокуратура информирует...

## По результатам принятых прокуратурой района мер, виновные должностные лица привлечены к административной и дисциплинарной ответственности за нарушения требований Федерального закона «О противодействии коррупции»

Местная жительница, уволенная с должности ведущего специалиста администрации района принята на должность санитара-буфетчицы в медицинскую организацию.

При этом, заключая трудовой договор с бывшим сотрудником администрации, главный врач медицинской организации, в нарушение требований Федерального закона «О противодействии коррупции» и Трудового кодекса РФ о заключении трудового договора представителю нанимателя (работодателю) по последнему месту ее службы, в десятидневный срок не сообщил.

По результатам проверки прокуратурой района 31.10.2023 года в адрес главного врача внесено представление об устранении нарушений законодательства о противодействии коррупции и недопущении подобного впредь, по результатам рассмотрения которого, требования прокурора удовлетворены, виновное должностное лицо привлечено к дисциплинарной ответственности, а также в отношении главного врача возбуждено дело об административном правонарушении, предусмотренном ст. 19.29 КоАП РФ, по результатам рассмотрения которого, последний привлечен к административной ответственности в виде штрафа в размере 20 000 рублей.

# Берегите лес от пожара!

Вспыхнул огонь. Он переливается разными цветами. Как красиво! За ним можно наблюдать часами!

Но огонь - это злейший враг леса. Лесной пожар страшен. Все то, что создано природой или посажено человеком за долгие годы, может погибнуть от огня в течение нескольких часов. Уничтожаются деревья, птицам негде вить гнезда, прочь уходят звери. Лесной пожар называют стихийным бедствием. Но так ли уж оно стихийно?

Иногда пожары сами возникают в лесу от ударов молнии. Но чаще они возникают от неосторожного обращения человека с огнем. Даже самым правильным способом разведенный, а затем тщательно затушенный костер может вызвать пожар. Под действием ветра маленькая искорка способна разгореться сильнее. Долгие годы не растет на пожарище новый лес.

Лес - одно из ценнейших природных богатств, это легкие нашей планеты. Около 60% кислорода поставляет он в земную атмосферу. Деревья дают пищу и убежище бесчисленному множеству животных. Зимой они нагревают воздух вокруг себя, а летом охлаждают его. Деревья пробуждают в нас мысли о красоте, благородстве, силе и спокойствии.

Важно знать правила поведения в лесу, когда вы идете туда. Правильные действия при пожаре помогут быстрее справиться с чрезвычайной ситуацией и спасти лесной массив, строения, имущество, возможно и жизни людей. Сколько леса сгорают ежегодно, даже в зимний период от неправильного поведения в нем человека. Ведь как гласит известная поговорка: «Из одного дерева можно сделать миллионы спичек, а одной спичкой можно сжечь миллионы деревьев».

***Ш.Шейхов, начальник «ПСЧ-60»***

# ВОЛЕЙБОЛ

10 декабралда Калининаул росулъ тIобитIана, *«Салатавиялъул бахIарзал»* цIаралда гъоркь, бихьиназда гьоркьоб волейбол хIаялъул турнир.

Гьениб тIолго 8 команда гIахьаллъана. Гьеб турнир 2019-2023 соназ районалда терроризмалъул идеологиялде дандчIелъе гIуцIараб муниципалияб программа тIубазабиялда хурхинабун буклана .

Гьенир кIалъаян гьаруна районалъул депутатазул Собраниялъул председателасул заместитель НурахIма Меджидовас, турнир гIуцIарал *«Нижер рукъ»* ДРПООялъул председатель Аюб Нуцалхановас ва росдал бетIер ХIажи ХIажиевас.

ХIалуцарал хIаяздаса хадуб тIоцебесеб бакIалде бачIана Дилим росдал команда, кIиабилеб бакI босана Гертмаялъул командаялъ ва лъабабилеб бакIалъе




Калининаулалъул команда мустахIикълъана. Призалъулал бакIал росарал командабазе гьенир, районалъул администрациялъул, Калининаул ва Гуни росабазул администрациябазул, *«Нижер рукъ»* ДРПООялъул, Салатавиялъул бахIарзазул гIагарлъиялъул рахъалдасан, кубокал, медалал, грамотаби ва къиматал сайгъатал къуна. Пададтлъун лъугьун буго гьадинал турнираздa лъикI хIарал волейболистал рихьизариги.

Бищунго лъикI гьенив хIаравлъун рикIкIана Ринат Булатханов (Дилим), цIунулевлъун - Сулайман Юнусов, гьужум гьабулевлъун -ХIасан ХIажиханов (Гертма), сеткаялде торгIо бахъулевлъун -Сайгид Гилахъаев (Дилим), балагьаразул ракIазе асар гьабуравлъун -Заур ХIажиев (Калининаул).

***Насрула Алиукъаев***

**БетIерав редактор:** И.Б. Салимханов 55-48-94
**Жавабияв секретарь:** М.-Ш.Э. ГIабдулашимов

**Мухбирзаби:** И.Р. Идрисов, Д.К. Батиева, М.З. ДавудхIажиев
**Набор:** М.М. ХIайбаева
**Верстка:** М.А. АтавхIажиева ва З.ХI. ХIасанова
**Фотокорреспондент:** ГI.ГI. ХIамидов

**Газета бахъизе байбихьана 1933 соналъул 15 апрелалда**
Типографиялъул адрес: 367032, РД, МахIачхъала шагьар, Насрутдиновасул проспект,1А

**Газета хIадур гьабуна редакциялъул компьютералъул цехалда.**
Графикалда рекъон, печаталде кьолеб заман 16.00
ХIакъикъаталда печаталде кьураб заман 16.00

**Учредитель:** администрация МР "Казбековский район"
Редакциялъул (издательствоялъул) адрес: РД, Казбек район, Дилим росу, 368140,
**Индекс:** 51354 Тираж-1448

**Газета зарегистрирована в Управлении Роскомнадзора по РД 19.05.2014 г. серия ПИ № ТУ 0500290**

**Макъалабазда рехсарал хIужабазул, тарихазул ва цIигадалги баяназул жаваб авторас кьола**